



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 8 oktòb 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINISYON NOUVO WOUT ESPRÈS ROUTE 15 LAN NAN KONTE STEUBEN

Konstriksyon Otowout ant New York ak Pennsylvania Pa te Depase \$3 Milyon nan Bidjè a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ouvèti dènye senk mil esprès sou Route 15 lan ant Corning, Konte Steuben, ak limit Pennsylvania a. Nouvo wout la ap ouvri apre finisyon yon pwojè \$235 milyon pou konstwi otowout ak pon, epi li te konstwi nan nòm ki defini ant eta yo pou pèmèt li pote non Interstate 99 federal pi devan.. Pwojè sa yo te livre alè epi te koute \$3 milyon nan bidjè total \$238 milyon an.

“Ak ouvèti dènye pòsyon Route 15 lan, Southern Tier la te benefisye yon kokenn nouvo rezo ki pral pote nouvo aktivite ekonomik ak investisman nan rejyon an,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Se yon pwojè ki pa te fini alè eki te rete anba bidjè a sèlman, men tou li te ede garanti stati fiti li antanke I-99. Otowout sa pral atire touris ak devlopman ekonomik ak plis efikasite nan tout rejyon nò New York, epi mwen kontan wè li ouvri anvan lè pou kontribiyab, vwayajè ak biznis.”

Dènye faz \$31,1 milyon an te gen ladann konstriksyon sis pon sou Route 15 nan vil Lindley. Sis pon yo kouvri twa wout lokal ak twa ti rivyè pou konekte nouvo otowout ki te konstwi pandan premye faz pwojè a.

Travay anvan yo te fèt sou konstriksyon nouvo pòsyon senk mil otowout la ki divize an kat vwa ant Watson Creek Road ak ti bouk Presho a, tout andedan Vil Lindley. Travay sa te fini nan fen mwa out 2012.

Otowout la ak pon yo te konstwi nan nòm federal ki definit ant eta yo, sa ki pral pèmèt Route 15 konsidere kòm Interstate 99. Pwojè sa konplete dènye koneksyon nan yon pòsyon 80-mil fiti I-99 lan ant I-86 nan Corning ak I-180 nan Williamsport, Pennsylvania. Sa pral bay yon koridò tout dwat ant de eta yo epi rann transpò machandiz pi fasil ant Kanada ak pwen ki nan nò aj eta ki nan sidès ak mid-Atlantic yo.

Manm Komisyon New York State Department of Transportation (NYSDOT) la, Joan McDonald, te di konsa, “Reyalize koneksyon sa se te yon gwo priyorite epi li pral yon boustè pou devlopman ekonomik onivo lokal, rejyonal ak eta a. Ak konstriksyon otowout sa nan nòm federal ant eta yo, nou kreye yon koridò tou dwat pou transpò machandiz ak komès ant Eta New York ak Pennsylvania, ki pral sèvi kòm ankouraje komès ak Kanada epi ogmante espedisyon machandiz nan pwen atravè rejyon Sidès ak Mid-Atlantic yo.”

Haitian Creole

Ko-Prezidan Regional Economic Development Council la epi Prezidan Corning Enterprises la, Thomas Tranter, te di konsa, “Ouvèti nouvo otowout kat wwa US 15/Future I-99 nan Vil Lindley a, ki gen ladan yon pon enpresyonan, se dènye gwo reyalizasyon nan etablisman interstate sa ant New York ak Pennsylvania. Sa pral yon pòt dantre frekante nan Sant New York epi li pral ede rale touris ak devlopman ekonomik nan rejyon nou an.”

Kongrèsman Tom Reed te di konsa, “Jodi a nou se premye temwen sa yon patenarya onivo lokal, federal ak eta ka bay kòm rezilta. Finisyon dènye faz sa vle di Nouyòkè pral gen yon espès ki gen plis sekirite ak efikasite ant New York ak Pennsylvania, yon souf lavi enpòtan pou ekonomi Southern Tier ak Finger Lakes. Kontribiyab pral wè yon retou dirèk investisman yo sou fòm travay ak opòtinite ekonomik - ki yo toulede pral benefisye sipò wout amelyore a. Depi nan premye reyinyon biwo nou an ak Manm Komisyon Otowout rejyon an, pwojè sa te prezante kòm yon priyorite epi jounen jodi a, vwayajè kapab jwi benefis li. Mèsi tout moun pou gwo travay yo ak pèsistans yo nan reyalizasyon pwojè sa.”

Senatè eta, Tom O’Mara te di konsa, “Sa vreman yon pwogrè enteresan yo tap tann lontan pou Southern Tier ak eta New York ak Pennsylvania. Se yonomaj pou devouman ak pèsèverans dirijan ak rezidan nan kominote yo pandan anpil ane, epi nou apresye angajman san fay DOT Region 6 pou vanse ak pwojè a. Yon fwa l fini, I-99 pral yon wout ki pi bon, ak plis sekirite epi mwens anbouteyaj pou sila yo kap vwayaje sou li chak jou. Li pral reprezante yon koridò ekonomik esansyèl ant New York ak Pennsylvania. Nou kontinye rete rekonesan pou opòtinite pou reyalize gwo pwojè sa pandan nap vanse pou amelyore youn nan rezo otowout ant eta enpòtan peyi Etazini.”

Manm Asanble Phil Palmesano te di konsa, “Mwen di mèsi pou efò pèmanan DOT Region 6 nan kenbe angajman li pou l fini U.S. Route 15/future I-99 la. M apresye tou lidè ak rezidan zòn lan ki travay anpil pandan lontan pou wè pwojè sa ateri. Fiti koridò I-99 la se yon rezo ekonomik enpòtan pou Southern Tier la ak yon koneksyon vital sou I-86.”

Manm Asanble Chris Friend te di konsa, “Fiti I-99 pote pwomès opòtinite ekonomik ak amelyorasyon nan sekirite pasaje atravè rejyon Southern Tier ak Finger Lakes yo. Se youn nan pwojè amelyorasyon enfrastrikti pi enpòtan nou yo, epi li pozisyon rejyon an nan sant yon koridò nò-sid esansyèl tout kote sou rezo otowout interstate nasyon an. Mwen di DOT Region 6 mèsi pou gwo travay li nan reyalizasyon travay sa.”

Dènye travay yo, tankou peyizaj ak demobilizasyon, pral kontinye jiska ete 2014. Konpayi konstriksyon pou pwojè a se Cold Spring Construction nan Akron, Konte Erie.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole